

Chè Paran/ Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòme ou ke pitit ou a pral pran evalyasyon estanda Florid (FSA) ki baze sou papye nan mwa avril ak me. Elèv yo ap pran redaksyon ELA (Klas 4-6); Lekti ELA (Klas 3-6); ak evalyasyon Matematik (Klas 3-6) nan mwa avril ak me. Tanpri gade kalandriye ki anba a ak dat tès espesifik nivo klas yo. Y ap voye yon sondaj bay tout elèv ki aktyèlman ap aprann distans. Nou pral voye plis enfòmasyon detay anvan tès la.

**Dapre Depatman Edikasyon Florid (FDOE), p ap genyen okenn egzamen leta k ap disponib pou pran sou entènèt.**

Pou enfòmasyon ki konsène dire sesyon yo pou Egzamen Prentan yo, tanpri gade: [2020–2021 Florida Statewide Grade-Level Assessments Fact Sheet](#).

Pou ede pitit ou vin konfòtab avèk tip fòma kesyon ak repons yo, resous sa a disponib nan

<http://www.FSAssessments.org/students-and-families/practice-tests/paper-based-practice-test-materials/>:

- Pratik Tès sou papye ak kle repons yo.
- Prezantasyon Elèv yo.

Tanpri revize règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**--Elèv yo pa otorize genyen okenn aparèy elektwonik, enkli, san yo pa limite a, telefòn selilè, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nan okenn moman pandan egzamen yo oswa pandan poz yo (tankou: ale nan twalèt), menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo p ap itilize yo. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik , y ap anile egzamen li a. Pwofesè homeroom yo pral ramase Telefòn Pòtab yo epi yo pral mete yo nan yon bwat jiskaske tès yo fini chak jou.
- **Kalkilatris**-- Yo pa otorize kalkilatris pandan egzamen matematik nan klas 3-6<sup>yèm</sup> ane.
- **Akò sou Règleman Egzamen yo**--Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki enprime nan fèy tès elèv la ak kaye repons yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen." Avan egzamen an kòmanse, administratè/tris tès la ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo siyen anba deklarasyon an nan fèy tès la ak liv repons yo.
- **Pale sou Kontni Tès apre egzamen**--Dènye pòsyon règleman egzamen an y ap li pou elèv yo avan yo siyen anba Akò sou Règleman Egzamen an, deklare: "Poutèt kontni nan tout egzamen leta yo sekirize, ou pa kapab diskite oswa revele detay sou kontni tès la (enkli atik tès la, pasaj, ak kesyon) apre egzamen an. Sa enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imel, oswa poste nan sit medya sosyal yo." Tanpri, fè sèten pitit ou konprann règleman sa avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imel, poste nan sosyal medya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**



- **Travay Endepandan**--Elèv yo responsab pou fè travay yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo. Anplis, FDOE itilize *Caveon Test Security* pou analize rezulta tès elèv yo pou detekte repons ki sanble anpil nan yon fason ki pa nòmal. Y ap anile tès elèv nan yon lekòl yo jwenn ki sanble anpil anpil.
- **Kite Lokal Lekòl la**--Si ptit ou kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (tankou pou dejene, randevou, maladi), yo p ap otorize l retounen nan sesyon tès sa a. Si ptit ou pa santi l byen pandan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li tann epi pran tès la nan yon jou ratrapaj. Sonje, pa fè randevou nan jou ki pwogramme pou egzamen.
- **Akomodasyon pou Tès**--Si ptit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyle (IEP), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tès yo pral bali.

Si w genyen nepòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, tanpri kontakte Mrs. L'Etoile at [letoile.alison@Franklin-Academy.org](mailto:letoile.alison@Franklin-Academy.org) or 561-767-4700. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Egzamen Leta Florid yo (*Florida Statewide Assessments*), tanpri vizite pòtay la nan [www.FSAssessments.org](http://www.FSAssessments.org).

Mèsi poutèt w ap sipòte ptit ou epi ankouraje l fè tout efò li pandan egzamen Prentan 2021 yo.

sensèman,

Madam Tornopsky